

## PWOGRAM REKIPERASYON MÈKI

Pa jete bagay ki gen mèki ladan yo nan fatra!  
Nan pami bagay sa yo, genyen:



*Lòt atik ki gen mèki, se: bawomèt, brasa pou mezire tansyon, batri an fòm bouton, tèmomèt pou kwit manje, zouti pou mezire debi, mànomèt, ak enteriptè.*

**POU KOTE DEPOZE:**

**RELE DEPATMAN SANTE** ou oubyen **GADE NAN ADRÈS**

[mass.gov/guides/massdep-mercury-information](http://mass.gov/guides/massdep-mercury-information)

**Reworld™**  
.....



## MÈKI ÒDINÈ JETE SAN DANJE



**VIN CHÈCHE GRATIS\*:**

Rele Complete Recycling Solutions (Solisyon Resiklaj Konplè)

1-866-277-9797 × 705

*\*Pou mèki òdinè sou fòm likid sèlman, ak dapre kote a.*

**AVÈTISMAN: Si ou genyen mèki òdinè sou fòm likid, pa jete li nan fatra.**

Ou dwe konsève mèki nan yon bokal an vè oswa an plastik. Si mèki a koule, li kapab vaporize epi antre nan sistèm respiratwa moun.

# AVOID THE SPARK™

SÈVI AVÈK BATRI AK ENTELIJANS POU SEKIRITE.

Sonje sekirite moun ak pwopriyete yo. Pa jete batri nan fatra.

Tout batri kapab ak dwe resikle, lè yo rive nan pwen pou yo pa kapab sèvi ankò. **Sèvi avèk batri ak entelijans pou sekirite**, epi resikle batri ou fin sèvi nan yon kote Call2Recycle ki fasil pou resikle batri.



### Pou plis enfòmasyon:

[avoidthespark.com](http://avoidthespark.com) | 1-877-723-1297 | [customerservice@call2recycle.org](mailto:customerservice@call2recycle.org)

### Jwenn yon kote ki pre pou pote batri ou:

[call2recycle.org/locator](http://call2recycle.org/locator)

## Pil Òdinè (sèvi yon sèl fwa) Lityòm



## Pil Rechajab an Lityòm-Ion



Tanpri, kouvri bout tèminal yo avèk tep, oswa mete yo nan sache separe pou youn pa touche ak lòt.